



Kesyon popilè (FAQ)

Pwogram PCA MassHealth - Limit èdtan chak semèn

Limit è pa semèn

- **Kisa limit è pa semèn pou PCA vle di?**
PCA yo gendwa travay jiska 66 è otal pa semèn pou tout kliyan li yo. MassHealth pa kouvri tout è ki anplis pase 66 è.
- **Ki kalite è travay ki konte nan limit 66 è a?**
È travay òdinè, è siplemantè, è nan jou konje, ak è pou sèvis jiri (jury duty) konte nan limit 66 è a.
- **Ki kalite è travay ki pa konte nan limit 66 è a?**
È depasman, PTO, fòmasyon EVV, oryantasyon pou nouvo anplwaye (NHO), e lòt è fòmasyon pa konte nan limit è pa semèn lan.
- **Kisa k ap rive si yon PCA depase 66 è?**
Sa se yon vyolasyon. Lèt avètisman ap voye bay PCA a e kliyan an nan lapòs e nan Everbridge apre chak vyolasyon. Apre twazyèm vyolasyon an, pwoblèm nan ap refere bay MassHealth pou posiblite revokasyon nan pwogram lan.
 1. Premye vyolasyon ▶ yon premye avètisman emèt
 2. Dezyèm vyolasyon ▶ yon dezyèm avètisman emèt
 3. Twazyèm vyolasyon ▶ refere bay MassHealth pou petèt yon revokasyon

Si PCA a travay pou yon kliyan sèlman, alò toude PCA a e kliyan an ap revoke nan pwogram lan apre twazyèm enfraksyon an.

- **Ki konsekans ki genyen nan yon revokasyon?**
- Si yon PCA revoke poutèt li fè vyolasyon limit è pa semèn lan, l ap entèdi pou l travay kòm yon PCA pandan 9 mwa apre revokasyon an.
- Si l admèt nan pwogram lan ankò e l kontinye fè vyolasyon règlemantasyon pwogram lan, l ap revoke ankò e l ap entèdi an pèmanans nan pwogram lan.
- **Èske vyolasyon limit è pa semèn lan ka efase nan dosye anplwa yon PCA?**
Wi. MassHealth gendwa efase vyolasyon poutèt ijans oubyen sityasyon ki pa t prevwa. Y ap efase tou apre konfòmite pandan senk peryòd konsekitif (10 semèn).

Reyadmisyon nan pwogram lan

- **PCA** yo gendwa retounen apre 9 mwa. Si yo fè vyolasyon limit è pa semèn lan oubyen règ è siplemantè a twa fwa anplis apre yo anboche kòm PCA ankò, y ap revoke yon dezyèm fwa e y ap entèdi an pèmanans pou travay kòm PCA nan pwogram PCA a.
- **Kliyan** yo gendwa retounen selon diskresyon MassHealth.

Resous siplemantè

Règlemantasyon pwogram PCA a: [130 CMR 422.000](#)